



Pou Piblikasyon Imedya: 28/10/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO BAY ENSTWIKSYON POU DRAPÒ YO FLOTE A DEMI-MA AN MEMWA VIKTIM FIZIYAB KI ENSPIRE PA LAYÈN YO NAN PITTSBURGH AK KENTUCKY EPI LI LANSE APÈL POU LAPÈ AK SIVILITE

Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay enstwiksyon jodi a pou ke drapo yo nan tout batiman gouvènman leta yo flote a demi-ma nan dat Lendi 29 Oktòb jiska Dimanch 4 Novanm, an memwa viktim fiziyad yo ki te rive nan sinagòg Tree of Life Synagogue ki nan Pittsburgh ak nan yon sipèmache ki nan Jeffersontown, Kentucky epi li te lanse yon apèl pou lapè ak sivilite apre yon semèn atak òrib ak tantativ bonbademan.

“Layèn nan peyi sa a te atenn yon nivo lafyèv epi li ap konvèti an vyolans. Semèn pase sa a, tout nasyon an te tranble akòz tantativ bonbademan politik ki sible yo, akòz atak rasis nan Kentucky epi akòz fiziyad anti-Semit nan sinagòg Tree of Life Synagogue ki nan Pittsburgh.

Nan New York, nou lamante pou viktim yo ak moun ki renmen yo, epi nou kanpe bò kote kominote Afriken Ameriken ak Jwif yo ansanm ak tout lòt kominote yo ki konpoze fabrik sosyal divès bou an. Antan ke Gouvènè eta ki gen pi gwo popilasyon Jwif ki deyò peyi Israel, mwen pral fè tout sa ki nan pouvwa mwen pou asire ke enstitisyon relijye nou yo pral vin san vyolans ak entolerans. Nenpòt moun, kèlkeswa kwayans yo, merite kapab lapriyè an pè.

Evènman semèn pase yo pa reprezante kilès nou ye kòm yon nasyon. Divèsite nou se pi gwo fòs nou, epi vilipande diferans nou yo epi pwovoke divizyon sa ap detwi prensip fondamantal peyi sa a. Retorik rayisab ak vyolans yo ap chire mak fabrik Amerik, epi li dwe sispann. Non moman fènwa sa a, nou dwe ini nou epi pa divize — epi nou dwe leve kanpe ansanm kont fòs rayisab kowozif ak destwiktè yo.

Apre atak sa yo, moun New York tout klas sosyal yo te kondane atak sa yo ki kontrè a istwa fyè ke eta nou an ak nasyon nou an genyen. Mwen bay enstwiksyon pou ke drapo yo flote a demi-ma an memwa viktim fiziyad òrib resan yo, epi mwen rejwenn tout moun New York yo pou mande lapè ak sivilite epi pou denonse layèn sou tout fòm li yo”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)